

Viris papilòm

Kisa VHP yé?

Viris papillome humain (HPV) sé yon maladi seksyèlman transmisib (MST) ki kozé pa yon viris. Gen plis ke 40 kalité HPV viris ki ka enfekté pati jenital gason ak fanm.

Ki jan yon moun ka trapé HPV?

HPV transmèt lè yon moun fè sèx lan vajen (ou devan), lan dèyè (anis), ak lan boush (seks oral) ak yon moun ki enfekté. Yon moun ka transmit VHP menm lè li pa gen okin sentòm. Li posib pou yon moun gen plisyè kalité HPV. HPV ka transmèt lè manman ap akoushé pitit, men li trè ra.

Men ki jan ou ka ogmanté risk pou enfekte:

- Fè sèx ak kapòt ki pa latex ou di mwens polyurethane
- Fè sèx ak plisyè moun
- Fè sèx pandan ou high swa sou dròg (tèt soulé) ou sou lan bwè kleren ka ogmanté risk pandan ké lap diminye chans pou mété kapòt la byen

Ou pa ka pran HPV Lè :

- Akolad
- Bay lan men
- Manjé lan menm plat ak lòt moun

Ki moun ki ka trapé HPV ?

Nenpòt moun ki ap fè seks souvan ka gen HPV. Fè seks san pwoteksyon ap ogmanté chans pou pran HPV. Lan Eta-Zini, gen 20 milyon moun ki enfektéak HPV.

Ki sentòm VPH ?

Majorité moun ki gen HPV pa gen sentòm.

Pou moun ki gen sentòm yo, men sa ki pi komen :

- **Verrue genital**
- Yon ti bouton, ou di mwen pakèt bouton
- Yon ti moso VPH, bouton ka parèt plisyè semen ou di mwens mwa aprè le yon moun fin enfekté.

Moun ki gen HPV panda lontan ka vin gen kansè

- **Kansè sèvix**
- Sentòm yo kòmansé parèt lè kansè-a fin avansé
- Si ou sé yon moun ki a risk fè tès se mwayen ki pi fasil pou konen
- **Lòt kalité HPV kansè.**
- Kòm kansè lan vajan, lan penis gason, twou dèyè (anis), gòj

Men kisa ki ka rivé pou moun ki enfekté ak VPH pandan lontan.

- **Reccurent Respiratory Papillomatosis**
- Ka la kòz bouton lan gòj
- Ka bloké vwa respiratwa, e fèl difisil pou ou respiré
- Ka afekté kòd vocal

Eské HPV ka treté?

HPV pa ka treté. An menm tan, yo ka treté moun ki gen maladi ké HPV la kòz tankou bouton lan pati jenital, kansè sèvix, lòt kalité HPV kansè, ou **RRP**

Pandan kombyen tan yon moun ki enfekté ka pwopajé VPH ?

Dépi yon moun enfekté ak HPV, li ka kontinyé pwopajé VPH bay lòt moun lan rapò seksyèl, jis kas ké viris la sot lan kò li. Li enpòtan poun konnen ké yon moun ki gen HPV ka bay lòt moun li menm lè ké li pa gen sentòm.

Ki sa poum fè konen si mwen gen HPV ?

Pi bon mwayen pou fanm konen si li gen HPV sé al konsilté ka doktè. Doktè-a ka pran yon aplikatè pase li lan vajan pou fè tès pap. Lè wal konsilté doktè ka wè si ou gen Bouton lan pati jenital.

Pou kounyé-a, li pa rekòmandé pou gason fè tès, pandan se tan gason ki gen sentòm sipozé wè doktè yo.

Ki koté ké mwen ka al fè yon tès ?

Prèské tout dispansè ou lopital ka fè ekzamen klamidia ou tès pou tout lòt maladi ki transmèt seksyèlman . Pou jwen dispansè ki pi pré bò lakay ou, relé lan nimewo telefòn majistra-a **617-534-5050 ou 1-800-847-0710** ou di mwens al sou sit entènèt sa a <http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx> answit antré kòd postal ou.

Eské mwen ka pwotejé tèt mwen kont HPV ?

Wi, gen yon vaksen ki ka pwotejé fanm ak gason kont jèm HPV. Men ki jan ke yo bay vaksen saa, fòk ou pran 3 dòz vaksen lan men doktè-w ou. Li enpòtan pou pran tou lè 3 dòz vaksen an pou ka gen tout pwoteksyon. Yo plis bay ti moun ki gen 11 a 12 zan vaksen saa, men yo ka toujou ba moun ki gen ant 13 a 26 lané. Palé ak doktè-w ou pou konnen si ou ka pran vaksen saa. Si ou bezwen plis enfòmasyon pou pwotejé tèt ou kont HPV ou lòt MST li (seksyon) pi ba-a.

Ki jan ou ka pwotejé kont HPV?

Mwayen ki pi garanti pou pwotejé tèt ou kont HPV sé pa al lan kontak seksyèl. Palé ak doktè ou sou zafè pran vaksen kont HPV si ou gen laj 11 a 26 lané.

Ou ka limité risk pou ou pran HPV si ou fè bagay sa yo :

- Toujou itilize kapòt latex ou polyurethane ou di mwens pwoteksyon pou boush, lè wap fè sèx lan dèyè (anis), lan vajen, ou lan boush(oral)
- Kondòm ki fèt ak materyèl natirèl ka anpeshé fanm ansent, men pa ka anpeshé ou trapé MST
- Redwi kantité mounn ké ou gen relasyon seksyèl avèk yo
- Palé ak mennaj sou MST e kòman nou ka fè tès pou konnen si nou pa malad
- Pale ak doktè-w sou ki jan pou pwotejé tèt ou lan relasyon seksyèl e kijan pou ou fè tès
- Fòk ou konnen ké lè wap fè sèx pandan ké ou anba dròg, ou di mwens pandan ké ou sou, shans lan ogmanté pou fè ak sèks san pwoteksyon

Pou plis enfòmasyon relé

Boston Public Health Commission

Infectious Disease Bureau

617-534-5611 or www.bphc.org